

Mizajou Imigrasyon Konsènan Haiti  
ak Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS)

**Kisa Estati Pwoteje Tanporè a ye (TPS)?**

- Estati Pwoteje Tanporè se yon estati imigrasyon ki disponib pou kèk moun ki soti nan peyi ke Sekretè Depatman Sekirite Enteryè [Department of Homeland Security (DHS)] te deziyen kòm “ki pa ansekirite pou retounen” pou plizyè rezon, tankou lagè sivil, ajitasyon politik, katastwòf natirèl, elatriye.
- TPS se yon estati imigrasyon tanporè ki kapab renouvele pou osi lontan ke deziyasyon TPS la anplas. Yo ka fè yon deziyasyon TPS pou 6, 12 oswa 18 mwa alafwa. Sitwayen peyi ki deizyen pou TPS la dwe enskri pandan tan sa a.
- Omwen 60 jou anvan ekspirasyon deziyasyon TPS, DHS dwe deside keseswa pou pwolonje oswa tèmine deziyasyon an, baze sou kondisyon patikilye peyi sa. Si yo pwolonje TPS la, moun yo te akode TPS yo dwe re-enskri anba ekstansyon sa. Gen kèk peyi ki te deziyen pou TPS pandan plizyè deseni.
- DHS ka re-deziyen yon peyi pou TPS baze sou nouvo evènman ki rann peyi sa a danjere pou retounen.
- Si yo akòde w TPS:
  - Yo ka pa kapab depòte w nan peyi Etazini;
  - Ka jwenn yon kat otorizasyon travay ak yon nimewo Sekirite Sosyal;
  - Ka jwenn pèmisyon pou vwayaje aletranje epi retounen nan peyi Etazini.
- Pou w kalifye pou TPS, ou dwe satisfè kondisyon ki annaprè yo:
  - Ou dwe yon sitwayen peyi ki deziyen an (oswa yon moun ki san nasyonalite ki te rezide abityèlman an dènye nan peyi sa);
  - Ou te toujou prezan fizikman nan peyi Etazini depi yon dat spesifik;
  - Ou te kontinye kenbe yon rezidans nan peyi Etazini depi yon dat spesifik;
  - Depoze pandan premye peryòd enskripsyon oswa re-enskripsyon an.

**Èske yo te deziyen Ayiti pou TPS?**

- Okòmansman, Ayiti te deziyen pou TPS apre tranblemanntè 10 Janvye 2010 la epi li te re-deziyen nan dat 19 Me 2011. Sitwayen Ayisen yo ki te toujou prezan fizikman nan peyi Etazini depi **12 Janvye 2011** te elijib pou aplike. Deziyasyon orijinal ak re-deziyasyon sa a te pwolonje pou plizyè ane. Nan dat 10 Novanm 2022, yo te anonse ke yo te akòde Ayisen TPS anba deziyasyon orijinal la ak re-deziyasyon 19 Me 2011 lan, epi ki te re-anrejistre alè anba chak ekstansyon ki vin annapre yo, estati TPS yo pral pwolonje otomatikman jiska 30 Jen 2024.
- Yo te redeziyen Ayiti pou TPS nan dat 3 Out 2021 pour 18 mwa, jiska 3 Fevriye 2023. Sitwayen Ayisen yo ki te toujou prezan fizikman nan peyi Etazini depi **29 Jiyè 2021** elijib pou aplike epi yo dwe fè sa anvan 3 Fevriye 2023. Nan dat 5 Desanm 2022, DHS te anonse ke deziyasyon sa a pral pwolonje pou 18 mwa, jiska 3 Out 2024. Moun sila yo ke yo te akòde TPS anba deziyasyon 2021 an dwe re-enskri apati 26 Janvye pou rive 27 Mas 2023 nan fason pou yo kenbe TPS ak otorizasyon travay.

- Nan dat 5 Desam 2022, DHS te anonse tou ke Ayiti pral re-deziyen pou TPS pou 18 mwa, jiska 3 Out 2024. Sitwayen Ayisyen yo ki te toujou prezan fizikman nan peyi Etazini depi **6 Novanm 2022** kalifye pou aplike apati 26 Janvye 2023, jiska 3 Out 2024.

### Kilè Mwen ka aplike pou TPS?

- Si yo te ba ou estati TPS anba deziyasyon 2011 lan epi ou te kenbe estati sa a, ou pa oblige re-enskri pou TPS paske li te pwolonje otomatikman jiska 30 Jen 2024. Sepandan, kòm Administrasyon Trump lan tap chèche tèmine deziyasyon sa a epi tèminasyon sa te fè objè yon pwosè nan tribinal, ou ka vle enskri anba redeziyayson 2021 oswa 2022 an, sa ki pa sijè a konfli. Pou w ka enskri anba re-deziyasyon 2021 an, ou dwe pwouve ke ou toujou prezan fizikman nan peyi Etazini depi 29 Jiyè 2021 epi ou dwe aplike anvan 3 Fevriye 2023. Pou w ka enskri anba re-deziyasyon 2022 an, ou dwe pwouve ke w te toujou abite nan peyi Etazini depi 6 Novanm 2022 epi ou dwe aplike ant 26 Janvye 2023 ak 3 Out 2024.
- Si yo te ba ou estati TPS anbba deziyasyon 2021, ou pral gen pou re-enskri pou TPS pandan yon peryòd 60 jou, apati 26 Janvye pou rive 27 Mas 2023 nan fason pou pwolonje TPS ak pèmi travay ou jis nan dat 3 Out 2024.
  - Pèmi travay avèk dat ekspirasyon nan 3 Fevriye 2023 ap pwolonje otomatikman jiska 3 Fevriye 2024.
  - Si premye aplikasyon w pou TPS anba redeziyasyon 2021 toujou annatant nan dat 3 Fevriye 2023, wap bezwen ranpli yon lòt aplikasyon pou re-enskri.
- Si ou te toujou abite nan peyi Etazini depi 6 Novanm 2022, ou ka enskri pou TPS apati 26 Janvye 2023 jiska 3 Out 2024 anba redeziyasyon 2022 an.

### Kijan pou m aplike?

Nou rekòmande pou konsilte yon avoka pou detèmine si ou kalifye pou aplike pou TPS ak pou aprann plis sou ki dokiman ou bezwen pou enkli nan aplikasyon w lan.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou TPS ak referans nan founisè legal gratis yo, ou ka rele Liy Dirèk Nouvo Ameriken nan (800) 566-7636, Lendi jiska Vandredi, ant 9:00 a.m. ak 8:00 p.m.

Pou w jwenn enfòmasyon anplis, ou ka kontakte tou Action NYC nan (800) 354-0365 – Lendi jiska Vandredi, ant 9:00 a.m. ak 6:00 p.m. – pou konekte avèk yon èd legal sou kesyon imigrasyon gratis, ki ansekirite ke Vil la finanse.

*Apati 25 Janvye 2023*